

MAGNETIZE your  
**POTENTIAL**  
(magnetize potansyèl ou)



**magnet**  
LEKÒL AK PWOGRAM  
PIBLIK ESPESYALIZE  
**2024–2025**



Orange County  
Public Schools

*Mesaj*

# SIPÉENTANDAN

*an*



Chè Paran;

Chwazi yon lekòl pou ptit ou a ka pam desizyon ki pi enpòtan yon paran ka pran. Nan Lekòl Leta Orange County, vizyon nou se asire chak elèv gen yon avni pwomèt ak siksè. Pou ede w' fè sa rive, nou ofri plizyè chwa akademik ki koresponn ak enterè, talan ak objektif karyè ptit ou a.

Plis pase 41 pwogram espesyal magnet ki sitiye toupatou nan Orange County pou bay divès anrichisan nan nivo elemantè, mwayen ak segondè. Èske elèv ou a vle konnen plis nan yon dezyèm lang? Oswa yo ta prefere pou patisipe nan atizana Vizyèl oubyen dans ak teyat? Èske lalwa, finans, oswa pwofesyon sante se pasyon yo? Èske w ap chèche ekspoze ptit ou a nan yon kourikoulòm solid tankou Cambridge oswa International Baccalaureate? Kòmanse rechèch ou a isit la.

Pwogram Epesyal Magnet OCPS yo rekonèt pou ekselans yo. Pandan ane 2022-2023 Magnet School of America te onore 11 program espesyal magnet ak Prim rekonesans pou demontre estanda akademik, inovasyon nan kourikoulòm, efò nan divèsite ak pwofesè espesyalize pou ansèyman ak patisipasyon paran ak kominate a.

Nou asire w ke etidyan pwogram magnet yo etidye tout matyè obligatwa ki alien ak estanda Eta yo menm jan yo pwolonje nouveau fason pou yo aprann . Nou fyè pou nou ofri elèv OCPS yo yon divès pwogram ki genyen rekonèt .

Mèsi paske ou fè nou konfyans ak ptit ou nan Lekòl Piblik Orange County.

Pou sèvis ou,

A handwritten signature in black ink that reads "Maria F. Vazquez".

Maria F. Vazquez, Ed.D.

Sipèentandan

Lekòl Leta Orange County

## Kòman paran oswa responsab legal kapab aplike?

Soumet yon aplikasyon elektwonik nan [www.schoolchoice.ocps.net](http://www.schoolchoice.ocps.net) soti te Novanm 2023 ak 15 Fevriye 2024. Oubyen jou ki pi pre dat sa yo, si jou sa yo ta tombe nan weekend ouswa nan jou konje.

## Konbyen lekòl piblik espesyalize mwen kapab chwazi nan aplikasyon mwen an?

Ou kapab soumèt yon sèl aplikasyon pa elèv. Ou kapab fè chwa youn, de (2), oswa twa (3) lekòl piblik espesyalize. Asire lè ou ap fè chwa a, ou kòmanse nan sa ou pi renmen an. Si se yon sèl pwogram ki entèrese w', aplike pou li sèlman.

## E si yo ofri mwen yon plas epi se pa premye chwa mwen?

Asire lè ou ap fè chwa a, ou kòmanse nan sa ou pi renmen an. Si yo ofri ou yon plas apati tiraj la, se òf pou plas sa a sèlman ou ap resevwa. Ou kapab aplike ankò kou aplikasyon lis d atant ete a disponib an me.

## Sou ki baz yo pran elèv nan pwogram lekòl piblik espesyalize yo?

Yo ap konsidere tout aplikan ki elijib ki respekte dat limit kandidati 15 Fevriye 2024 a pou plas ki disponib yo. Si gen plis aplikan elijib ki mande admisyon pou yon pwogram lekòl piblik espesyalize espesifik pase kantite plas ki disponib, yo ap itilize yon tiraj sou òdinatè. Pou elèv ki nan dezyém sîk segondè, si gen plis aplikan elijib pase kantite plas ki disponib, y ap atribye swasant poustan nan plas ki disponib yo pa òdinatè lè yo itilize yon sistèm klasman akademik ki chita sou mwayèn (GPA). Yo ap atribye karant poustan nan plas ki disponib yo apati yon pwosesis tiraj owaza.

## Kòman elèv mwen an kapab benefisiye preferans pou frè ak sè?

Se sèl elèv lekòl elemantè ki fè yon demann enskripsyon nan yon lekòl piblik espesyalize nan nivo elemantè ki kapab benefisiye preferans pou frè ak sè a. Frè oswa sè ki pi gran an dwe retounen nan lekòl piblik espesyalize a nan pwochen ane lekòl la. Frè oswa sè ki pi piti a dwe reponn ak tout kritè pwogram nan. Tanpri ale sou sitwèb nou an sou [www.schoolchoice.ocps.net](http://www.schoolchoice.ocps.net) pou plis enfòmasyon.

## Kòman mwen ap konnen yo chwazi elèv mwen an?

Yo ap enfòme paran ak responsab legal konsènan sitiyasyon elèv la pa imèl. Paran ak responsab legal dwe bay yon adres imèl nan aplikasyon elektwonik la.

## E si yo pa chwazi elèv mwen an nan tiraj la?

Y ap bay elèv ki elijib yo pa chwazi nan tiraj la yon nimewo waiza sou yon lis d atant pou pwogram premye chwa yo a. Y ap itilize imèl paran an te bay nan aplikasyon an ak lis d atant pwogram nan pou enfòme yo konsènan tout pòs kou vin yo disponib.


## Si paran an oswa responsab legal la pa respekte dat limit enskripsiyon 15 Fevriye 2024 a, èske yo ka toujou aplike?

An me, peryòd aplikasyon lis d atant ete a ap ouvri sou [www.schoolchoice.ocps.net](http://www.schoolchoice.ocps.net). Y' ap plase aplikasyon lis atant ete a aprè tout lis d atant ki egziste apati tiraj la.

## Èske ou gen lòt kesyon oswa èske ou bezwen èd pou aplikasyon an?

EVoye yon imèl bay Ekip Chwa Lekòl Piblik Espesyalize a sou [magnetoffice@ocps.net](mailto:magnetoffice@ocps.net) oswa telephone nan 407-317-3484.

**KESYON YO  
POZE SOUVAN**



# LEKÒL PUBLIK ESPESYALIZE NAN NIVO ELEMANTÈ

## (Klas Kindègadenn rive 5yèm ane)



Enfòmasyon sou Dat Vizit Lekòl  
Elemantè yo disponib sou  
[www.schoolchoice.ocps.net](http://www.schoolchoice.ocps.net)

### Akademi Pwogram Avanse

#### Hungerford

Bay elèv possiblite pou yo antre nan pwogram etid lokal ak mondal pandan y'ap itilize eksperyans ak aktivite pratik sou pwoblèm ak solisyon nan tan prezan. Program sa prepare eleve pou yo ka aktif na angajman apratisaj. Konbinasyon sèvis pou elèv yo, rigè akademik ak aktivite ki santre sou STEM, tout sa ap kiltive elèv yo epi li devlope yo pou etid siperyè ak karyè nan 2lyèm syék la.

### Avyasyon ak Ayewospasyal

#### Sally Ride

Pwogram amelyore sa a ki fokis sou syans an rapò ak mond avyasyon ak ayewospasyal kreye yon anviwònman aprantisaj syantifik epi pratik. Yo louvri yon laboratwa aprantisaj syantifik ak yon laboratwa syantifik nan klas ki ofri possiblite eksplorasyon konsèp ak pwosesis syantifik pandan elèv yo ap eksploré mond kote y ap viv la ak lôt kote toujou.

### Akademi Lang Etranje

#### Hillcrest

Lekòl publik espesyalize sa a ofri panyòl oswa fransè kòm dezyèm lang epi li ofri elèv yo eksperyans edikasyon ki chita sou yon sèl tèm nan yon anviwònman ki egzise yo bay tout yo menm lè li asosye bonjan pwogram akademik ak pwogram lang etranje ki apwopriye. Elèv yo patisipe nan aktivite ki pran plizyè kilti ankont, yo vin gen pi gran dispozisyon pou yo aprann lang epi yo vin sansib fas ak kilti mond lan.

### Akademi Elèv Entèlijan nan Orlando

Lekòl publik espesyalize ki pa vize yon zòn espesyal nan tout distri sa a ofri elèv yo idantife kòm elèv ki entèlijan ki pral fè 2zyèm ane rive 8yèm ane nan twochen ane lekòl la opòtinite. Elèv yo ap eksploré yon pwogram ki laj ki chita sou pwojè epi ki egzise yo bay tout yo menm. Lekòl la ap pèmèt elèv yo devlope sou plan akademik epi l ap bay elèv ki entèlijan aksè a pwogram ansèyman apltenant.

### Akademi Karyè STEAM

#### Bay Meadows

Pwogram sa a fokus sou aprantisaj apati pwojè elèv yo kreye lè li itilize resous ki baze sou tèm karyè a. Pwogram nan ap mete aksan sou differan karyè ki nan domèn STEAM yo selon domèn etid chak nivo akademik pandan l ap amelyore kapasite yo pou rezoud pwoblèm, pou yo devlope panse kritik epi amelyore kapasite pou yo kolabore lè li kreye epi devlope eksperyans pratik ak angaje apati pwojè ak aktivite mond reyèl la.

### Lekòl Piblik Espesyalize STEM

#### Orange Center

Eksperyans ak aktivite pratik ofri yon baz ki solid pou elèv ki entèrese amelyore konesans ak konpetans yo nan syans, teknoloji, jeni ak matematik. Pwogram sa a fokus sou aplikasyon mond reyèl la lè li kreye yon anviwònman laboratwa pou elèv yo kiltive panse kritik ki prepare yo pou anseyman siperyè. Pwogram sa a prepare elèv yo pou yo konpetitif nan yon sosyete mondal.

### Pwogram Bileng

#### Hunter's Creek, Tildenville, ak Union Park

Pwogram sa yo la pou devlope kapasite elèv yo pou yo pale epi ekri anglè ak panyòl byen pou rann yo ekselan sou plan akademik epi pou yo konpetan nan toude lang yo. Se pa sèlman pou anseye elèv yo yon dezyèm lang yo itilize anglè ak panyòl men se pou anseye yo kòman pou yo vin sitwayen mond bileng ak bikiltirèl la tou.

### Travay Atistik Vizyèl ak Espektak

#### Maxey

Pwogram sa a amelyore eksperyans elèv yo sou plan akademik pandan l ap ankourage travay atistik ak entegrasyon yo nan travay atistik lè li fokis sou eksperyans nan travay atistik nan tout domèn. Elèv yo gen possiblite pou yo amelyore konpetans yo, teknik yo ak pwosesis mizik, pou entegre konsèp ak ide an de (2) ak twa (3) dimansyon apati travay atistik vizyèl, epi yo gen possiblite pou devlope konesans jeneral konsènan eleman, prensip ak konsèp ki gen rapò ak ansèyman dans.

# LEKÒL PIBLIK ESPESYALIZE NAN NIVO PREMYE SIK SEGONDÈ

## (Klas 6zyèm ane a 8yèm ane)



### Akademi Travay Atistik

#### Howard

Elèv yo devlope yon konpreyansyon pwodiktif konsènan travay atistik vizyèl ak espektak sou baz konviksyon travay atistik se yon langaj inivèsèl. Yon pwogram avanse epi ki pran travay atistik ankont, ak yon gam kou ochwa nan travay atistik vizyèl ak espektak ede elèv yo etabli bonjan liyen ant nòm travay atistik ak pwogram akademik debaz la.

### Opsyon 6zyèm a 8yèm ane Arbor Ridge

#### Arbor Ridge

Pwogram sa a pouse elèv yo bay tout yo menm pou yo atenn potansyèl entèlektyèl ak konpòtmantal yo nan yon anviwònanman aprantisaj avanse, sa ki pèmèt yo reyisi etid yo nan yon anviwònanman aprantisaj ki mwens avanse. Pwogram sa a mete aksan sou òganizasyon pésònèl, responsabilite, lidèch ak devlòpman akademik. Pwogram nan fokis sou prepare elèv yo pou yo viv kòm sitwayen ki pwodiktif epi ki pefòman.

Gen enfòmasyon sou Dat  
Jouinen Pòt Louvri nan Premye  
Sik Segondè ki disponib sou  
[www.schoolchoice.ocps.net](http://www.schoolchoice.ocps.net)

### Akademi Premye Sik Segondè nan Cambridge

#### Liberty

Pwogram Cambridge la prepare elèv yo pou afwonte lavi lè li devlope yon kiryosite ektere ak yon pasyon dirab pou aprantisaj. Pwogram sa a ofri posiblite pou elèv yo eksplore kou avanse nan nivo dezyèm sik segondè, sa ki mande yo devlope konesans, konpreyansyon, aplikasyon ak konpetans apati pwojè rechèch, anket ak repsons alekri, ak laboratwa oral pratik ki chita sou pèspektiv elèv yo sipòte. Yo bay elèv ki nan premye sik segondè nan Cambridge ki te fini pwogram nan priyorite pou plas ki disponib nan pwogram lekòl piblik espesyalize Colonial High School nan Cambridge.

### Sant pou Avansman Syans ak Jeni

#### Lockhart

Nan kad yon pwogram etid ki avanse epi ki angloban ki chita sou syans, jeni ak matematik, elèv yo patisipe nan yon pwosesis refleksyon ak aprantisaj pa pwojè. Enfòmatik, solisyon anviwònanmantal, ayewospasyal, teknoloji medikal ak achitekti fe pati divès posiblite anseymen kote elèv yo kapab resevwa kredi kou dezyèm ane segondè ak sétifikasyon endistriyèl pandan y ap devlope konpetans pwofesyonèl nan desen, elektwonik ak nan jesyon pwojè.

### Bakaloreya Entènasional nan Pre-Segondè

#### Roberto Clemente

Pwogram sa a la pou ede elèv yo devlope konesans ak konpreyansyon ki nesesè pou yo patisipe yon fason ki aktif epi ki responsab nan yon mond ki ap chanje, lè li bay elèv yo mwayer pou yo kesyone ide ki gen enpòtans mondal. Pwogram Premye Sik Segondè a ankouraje elèv yo konprann rapòt ant matyè tradisyonal ak mond reyèl la pandan yo tounen pansè kritik ak pansè ki ap reflechi.

### Pwogram Bileng

#### Hunter's Creek

Pwogram sa a la pou devlope kapasite elèv yo pou yo pale epi ekri anglè ak espanyòl byen pou rann yo ekselan sou plan akademik epi pou yo konpetan nan toude lang yo. Se pa sèlman pou anseye elèv yo yon dezyèm lang yo itilize anglè ak panyòl men se pou anseye yo kòman pou yo vin sitwayen mond bileng ak bikiltirèl la tou. Yo antre panyòl nan yon gam kontni pou yo asire elèv yo atenn yon nivo konpetans avanse nan lang yo vize a.

### Akademi Lang Mondyal

#### Lakeview

Elèv yo benyen nan espanyòl ak fransè apati modèl ansèyman nou ofri elèv ki pale anglè pou yo aprann yon dezyèm lang epi pou yo vin bileng. Anplis, elèv ki pale panyòl yo kapab pefeksyonne konpetans yo nan lang. Pwogram sa a pèmèt elèv yo aprann yon lòt lang epi vin konpetan nan lekti ak ekriti pandan y ap kiltit yon konpreyansyon ak apresyasyon konsènan divès kilti. Yo ofri yon pwogram bileng ki gen yon kantite plas ki limite tou.

# LEKÒL PIBLIK ESPESYALIZE NAN DEZYÈM SIK SEGONDÈ

## (Klas 9yèm a 12yèm aine)

### 3DE apati Reyalizasyon Jèn

#### Oak Ridge

3DE pwopoze kou avanse nan plizyè disiplin ki lye apati bonjan eksperyans pwofesyonèl pou ogmante kapasite pou elèv yo aprann vit epi pou pèmèt yo devlope konpetans, pèspektif ak eksperyans pwofesyonèl pou yo fè diferans nan anviwònman aprè segondè ak anviwònman pwofesyonèl ki tré konpetitif. Eksperyans nan anviwònman y ap benyen an ofri yon ekspozisyon apwofondi a divès antrepriz ak endistri apati Defi Ka, anplis entèraksyon ak pwofesyonèl ki fè karyè apati konseye nan klas, monitè ak ekspozisyon karyè.

### Akademi Kizin

#### Wekiva

Lekòl piblik espesyalize sa a ofri elèv yo okazyon san parèy pou yo travay nan kad edikatif an rapò ak kizin reyèl kote yo metrise konpetans endistriyèl pandan yo gen posiblite pou yo aprann konpozan STEM nan preparasyon manje, itilizasyon ekipman ak founiti komèsyal, ak konpetans nan relasyon ant moun ak moun, sa ki nesesè pou yo reyisi sou plan pwofesyonèl. Akademi Kizin nan ofri bonjan nivo reyisit akademik lè li kreye divès posiblite, soti nan restorasyon rive nan lidèch pandan y ap prepare elèv yo pou wòl presi, soti nan direktè restoran rive nan dezyèm chèf kizin, soti nan dezyèm chèf kizin rive nan chèf ki prepare vyann epi rive nan boulanje.

### Aplikasyon pou Jeni Avanse

#### Apopka

Pwogram sa a se yon entwodiksyon ak yon eksplorasyon apwofondi nan gran domèn tradisyonal jeni a ak disiplin ki fenk ap parèt nan syans fizik, sosyal ak byologik. Pwogram sa a mete ampli aksan sou matematik ak syans fizik epi li pèmèt elèv yo jwenn sètifikasyon endistriyèl ak kredi inivèsité pou etid AP; pwogram sa a ofri elèv yo posiblite pou yo eksploré divès aspè nan jeni.

### Akademi Syans Agrikòl

#### Wekiva

Pwogram sa a ki fokis sou akwaponi, byoteknoloji, syans animal, biznis agrikòl ak fè jaden mete aksan sou de (2) plan : (1) vi vejetal ak byoteknoloji ak posiblite pou doubl enskripsiyon ak (2) elvaj bêt ansanm ak teknoloji ki debouche sou yon karyè nan swen bêt oswa nan syans veterinè. Gen sètifikasyon endistriyèl ki disponib.

### Jeni Avyasyon ak Ayewospasyal


#### Oak Ridge

Gras ak konpetans elèv yo devlope apati enstalasyon wo gam pou fè antrènan militè nan yon anviwònman pwofesyonèl epi pèsonalize nan klas, ak aktivite ki ochwa epi ki anrichisan ki gen rapò ak karyè, yo fè eksperyans dirék nan domèn jeni avyasyon ak ayewospasyal. Aprantisaj entèg, kou ak mansyon nan Nivo Avanse, menm jan ak sòti sou tèren, vizit sit, aprantisaj ak estaj, tout sa se baz reyisit inivèsité ak pwofesyonèl.

### Pwogram Cambridge

#### Colonial

Pwogram sa a University of Cambridge elabore a pa santre sou yon sèl tèks; men, li la pou elèv yo eksploré epi aprann apati plizyè sous ak eksperyans praktik tankou laboratwa, ankèt ak rechèch. Pwogram Cambridge la ede elèv yo devlope yon kiryozite aktif ak yon pasyon dirab pou aprantisaj.



### Sant pou Elèv ki Vle Vin Edikatè

#### Edgewater

Pwogram sa a ki ofri elèv yo posiblite pou yo eksploré karyè nan domèn edikasyon ekspoze elèv yo a divès eksperjans ansèyaman ak aprantisaj nan diferan anviwònman nan klas. Elèv yo patisce nan estaj nan anviwònman reyèl nan lekòl OCPS. Ann asosasyon ak Valencia College ak UCF, li prepare elèv yo pou edikasyon aprè segondè ak pwofesyon yo.

### Sant pou Etid Entènasyonal

#### Dr. Phillips

Avèk yon pwogram Nivo Avanse, pwogram sa a itilize yon apwòch entèkiltirèl ak entènasyonal ki mete aksan sou konsèp ak pwoblèm prensipal nan relasyon entènasyonal, nan politik, istwa, relijyon nan mond lan ak syanzimè. Elèv yo metrise yon lang etranje ak posiblite pou yo devlope konpetans nan yon dezyèm lang etranje.

### Jistics Penal, Dwa ak Finans

#### Boone

Elèv yo chwazi youn nan twa (3) pakou pwofesyonèl diferan epi yo ekspoze a aplikasyon konkèr nan domèn jistics penal, dwa ak finans ak anseyan ki gen eksperjans pwofesyonèl. Posiblite pratik pou jere yon siksal koperatif kredi, mennen ankèt sou sén krim epi patisce nan pwose ki pa reyèl, tout sa kreye yon anviwònman aprantisaj ki rich.

### Medya Nimerik ak Je

#### Oak Ridge

Gras ak yon apwòch eksepsyonèl konsènan pwogramasyon ak itilizasyon je, antrènan, wobotik ak kreyasyon wèb kòm pwodui final, elèv yo devlope konpetans nan miltimedya ki debouche sou fim tou kout ak prezantasyon nimerik. Pwogram sa a la pou devlope konpetans avanse nan domèn kodaj je ak repwodiksyon, kreyasyon sitwèb, miltimedya nimerik, solisyon teknolojik orijinal ak travay statistik nimerik.

### Jeni, Syans ak Teknoloji

#### Edgewater

Elèv yo travay nan ekip sou pwoje EST STEAM ki fè antrènan sou aspè rechèch, devlopman ak maketen nan jeni ak teknoloji modèn. Elèv ki ap etidyé teknoloji benyen nan yon mond animasyon 3D, konsepsyón grafik oswa antrènan sou pwogramasyon je. Elèv yo patisce nan estaj, atelye ak fowòm endistriyèl. Gen kredi inivèsité ak sètifikasyon endistriyèl ki disponib.

## Akademi Pwodiksyon ak jesyon Divètisman

### Evans

Pwogram sa a fokis sou konesans ak konpetans teknik, konpetans nan òrganizasyon ak nan jesyon ki nesesè pou prezante piblik la travay atistik, medya ak divètisman, lè li pèmèt elèv yo devlope konpetans nan domèn pwodiksyon teyat. Elèv yo ap aprann tout fasèt endistri divètisman an, pandan y ap devlope konpetans nan preparasyon ak reyalizasyon evènman teyatral ak divètisman. Yon asosyasyon ak Valencia College ofri posiblite pou elèv yo suiv kou a kredi epi benefisyé yon admisyón alavans.

## Akademi Sekouris

### East River

Akademi a ofri yon baz solid pou karyè nan domèn sekouris, sa k ap pèmèt elèv yo fokis swa sou Jistis Penal (Aplikasyon Lalwa) oswa sou Teknoloji Syans Dife (Ponpye). Elèv yo ap itilize konpetans sekouris yo nan evènman nan lekòl ak evènman atletik. Antrènman tankou ankèt sou sèn krim, ankèt kote ki gen aksidan, rechèch sou sikilasyon, itilizasyon ekipman ak zouti yon fason ki kòrék ansanm ak antrènman fizik ap nan sant pwogram sa a. Gen sètifikasyon endistriyèl ak kredi inivèsité posib nan Valencia College ki disponib.

## Jesyon Ospitalite

### Oak Ridge

Pwogram etid ki fokis sou karyè ak pwojè kolaborasyon ede elèv yo devlope konpetans apati yon seri eksperyans aprantisaï ki chita sou travay anndan klas ak deyò klas. Aktivite sa yo se: obsèvasyon nan travay, entèvyou, atelye pou ekri cv, ak pwomnad, tout sa fini sou yon estaj. Asosye endistriyèl ofri ankadreman espesifik pou karyè.

## Pwogram Diplòm Bakaloreya Entènasyonal

### Cypress Creek, Evans, Jones, ak University

Nan pwogram etid travay atistik lib avanse yo rekonèt sou plan entènasyonal sa a, elèv yo kapab amelyore konpreyansyon yo nan lang ak kilti epi angaje yo plis toujou nan mond lan. Pwogram lekòl piblik espesyalize sa a ofri yon etid awofondi nan anglè, istwa, travay atistik liberal, matematik, syans, ak lang etranje pandan l ap konsantre li sou devlopman komunikasyon ak konpetans nan analiz.

### Medsin

#### Jones

Pwogram sa a ofri elèv yo yon pwogram pou prepare yo pou inivèsité, eksperyans laboratwa pratik, ak patisipasyon nan anviwònman aprantisaï andeyò kanmpis. Kou yo pèmèt elèv yo abitye ak pwogram ki pi resan an ak metod estratejik yo itilize nan pwofesyon medikal nan tout nasyon an. Aprè elèv yo fin komplete pwogram Lekòl Medsin Espesyalize a, y ap kapab prezante nan egzamen sètifikasyon nan sektè a. Yon asosyasyon ak Valencia College ofri posiblite pou elèv yo suiv kou a kredi epi benefisyé yon admisyón alavans.

### Karyè Medikal

#### Apopka

Pwogram sa a prepare elèv ki motive yo pou yon avni nan domèn ki ap devlope nan medsin ak swen sante lè li konbine etid avanse ak aplikasyon reyèl pwosedi medikal yo. Elèv yo kapab pase tout sis (6) mwa a ap patisipe nan estaj obsèvasyon ak eksperyans klinik nan tout domèn swen sante tankou swen dan, radyoloji, terapi fizik, famakoloji, syans enfimyè, kadyoloji ak pedyatri. Gen kredi inivèsité ki disponib.

## Teknoloji Enfòmasyon NAF

### Colonial

Pwogram sa a la pou etid, devlopman, elaborasyon, sipò ak jesyon sistèm enfòmasyon enfòmatize kote elèv yo kapab chwazi sipò enfòmatik oswa komunikasyon enfòmatik kòm domèn espesyalizasyon epi yo kapab kalifye pou estaj aprè twazyèm ane nan dezyèm sik segondè yo. Gras ak sètifikasyon endistriyèl, elèv yo ap devlope konpetans pèsònèl, analitik, teknik ak komunikasyon ki nesesè pou yo konpetitif nan sosyete teknolojik miltimedya nou an.

### Espektak

#### University

Pwogram sa a kiltive devlopman elèv yo sou plan atistik, akademik ak pèsònèl apati yon pwogram avanse ki chita sou pefòmans nan domèn enstrimantal, dans, chan ak teyat. Pwogram espektak sa a ankourage rechèch kreyativite endividiyèl ak kolaborasyon pou byennèt tout moun lè li egzije elèv yo respekte bonjan nòm akademik ak atistik pandan l ap favorize yon atmosfè respè youn pou lòt, kolaborasyon, sipò ak akseptasyon. Odisyon yo obligatwa.

## Syans Veterinè pou Bet ak Sèvis

### Colonial

Ak yon fokis pou etidye bète yo. Program sa ap prepare elèv yo pou travay ouswa fè etid avanse ki nan veterinerya, syans etid bète ak sèvis. Elèv yo ap travay ak plizyè kalite bète, ti piti ak gwo, tankou reptil, kanin, felin. Chwal, bète nan fèm ak bète nan lanmè. Sètifikasyon endistriyèl ap valab pou yo.

## Atizana ak Teyat

### Dr. Phillips

Program sa ap prepare elèv pou yon avni kreyatif ak akademik ak ampil atansyon sou preparasyon sou pou kolèj. Chak mwa ak genyen opotinete pou pefòme nan kominote yo nan: Dans, mizik, teyat, televizyon, ak atizana. Atis popilè ki rete nan zòn yo oubyen nan kominote yo konn volantè pou bay èd ouswa pefòme ak elèv yo devan odyans.



Gen enfòmasyon sou Dat  
Jouuen Pòt Louvri nan Dezyèm  
Sik Segondè ki disponib sou  
[www.schoolchoice.ocps.net](http://www.schoolchoice.ocps.net)

[www.schoolchoice.ocps.net](http://www.schoolchoice.ocps.net) • [magnetoffice@ocps.net](mailto:magnetoffice@ocps.net) • 407.317.3484

## KONSEY AKADEMIK

Teresa Jacobs  
Prezidan

Pam Gould  
Distri 4

Angie Gallo  
Vis-Prezidan Distri 1

Vicki-Elaine Felder  
Distri 5

Maria Salamanca  
Distri 2

Karen Castor Dentel  
Distri 6

Alicia Farrant  
Distri 3

Melissa Byrd  
Distri 7

Maria F. Vazquez, Ed.D.  
Sipèntandan



## DEKOUVRI GWO POUVWA OU

### Deklarasyon OCPS EEO Kont Diskriminasyon

Konsèy Akademik Orange County nan Florida pa pratike okenn fòm diskriminasyon konsènan admisyón, aksè, tretman oswa travay nan pwogram ak aktivite li yo sou báz ras, koulè, reliyón, laj, sèks, oriјin nasional, eta sivil, andikap, enfrasiyon jenetiک, oryantasyon seksyèl, idantite oswa ekspresyon seksyèl oswa tout lòt rezon lalwa entèdi. Konsèy Akademik la ofri Eskout ak lòt gwoup jén yo nonmen menm aksè tou. Se menm jan an pou tout elèv ki swete patisipe nan pwogram edikatif ak/ oswa aktivite akademik andeyò orè lekòl la.

Yo te nonmen moun sa yo pou trete demann ransèyman konsènan politik kont diskriminasyon yo, epi pou trete vyalasyon yo sipoze ki fèt epi yo rapòte, enkyetid konsènan konfòmîte ak/ oswa pwosedi doleyans, elatriye.

Responsab Egalite Chans konsènan Travay (EEO) ak Responsab Tit IX:

Keshara Cowans  
Avoka Amplaye II  
Biwo Sèvis Jiridik  
(407) 317-3411

Kôdonatè ADA  
Jay Cardinali  
Ajan Konfòmîte ADA  
Biwo Sèvis Jiridik  
(407) 250-6248

Atik 504:  
Tajuana Lee-Wenze  
Direktè Jeneral  
Pwosedi oswa Konfòmîte ESE  
(407) 317-3279